



SEKOLAH MENENGAH PERTAMA (SMP) KATOLIK "YOHANESGABRIEL PARE"

STATUS TERAKREDITASI *A*

NSS : 204 051 308 036 NDS : E17102009 NPSN : 20511983

Jl. LetjenSutoyo No. 78 Telp. (0354) 393701 Pare 64211

Email : smpk.yogapare78@gmail.com

PENILAIAN TENGAH SEMESTER GENAP

Tahun Ajaran 2021/ 2022

Mata Pelajaran : Bahasa Daerah
Hari/tanggal : Jumat, 18 Maret 2022
Waktu : 60 menit

Kelas :

8

- I. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah siji jawaban sing paling bener!

Assalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh

*Kanthi ngucapaken puji syukur lan nyuwun ridha saha rahmating Allah SWT,
kawula badhe ngawontenaken adicara mantu putra-putri kula*

Dinten/Tanggal: Minggu, 31 Mei 2020

Tabuh: 11.00 - 14.00 WIB

Manggen ing: Gedung Balai Prajurit (Pasmar 2)

Jl. Raya Surabaya - Malang No.16, Sidoarjo

*Mujudaken sawijining pahargyan & kabagyan tumrap kawula
bilihBapak/Ibu/Sedherekkersa rawuh paring donga pangestu kangge temanten
kekalih. Awit saking rawuh saha donga pangestu panjenengan sami, kawula
ngaturaken gunging panuwun ingkang tanpa upami.*

Bpk. Purwoto

Bayu & Dyah

Bpk. Prio Utomo

1. Manut wujud tuladha layang ing dhuwur kalebu layang...
 - A. Kitir
 - B. Ulem
 - C. Lelayu
 - D. Resmi
2. Papan lan titi mangsa ing perangan layang yaiku mratelakake ing ngendi lan kapan layang kasebut ditulis utawa digawe. Ing ngisor iki kang kalebu tuladha panulise papan lan titi mangsa kang bener yaiku....
 - A. Wonorejo, April dina ka-8 2021
 - B. 04-08-2021, Pandaan
 - C. 08-04-2021, Pasuruan
 - D. Bangil, 8 April 2021
 - 1) kabar kepaten
 - 2) kertas sakecandhake
 - 3) ana tembung innalilahi wainalilahi rojiun
 - 4) isine saperlune
 - 5) isine diweruhi wong akeh

3. Saka daftar kasebut, sing nuduhake titikan layang lelayu yaiku nomer

- A. 1 lan 3
- B. 2 lan 3
- C. 2 lan 4
- D. 4 lan 5

Coba gatekna tuladha perangan-perangan layang ing ngisor iki.

- i. Pandaan, 17 Mei 2021
 - ii. Katur dhumateng Simbah wonten Semarang
 - iii. Sembah sungkem
 - iv. Ingkang wayahNuwun wiyosipun keparenga kula atur uninga bilih kula ing Surabaya ginanjar sehat. Mugi-mugi bapak saha ibu ginanjar wilujeng ugi.
 - v. Sawetawis cekap semanten layang saking kula. Menawi wonten wekdal kula tengga serat balesan saking bapak. Wasana menawi wonten klentune atur kang putra nyuwun pangapunten
4. Saka tuladha perangan layang ing dhuwur, perangan layang sing nomer (ii) diarani...
- A. Adangiyah
 - B. surasa basa
 - C. wasana basa
 - D. pambuka

Kanggo kancaku Lolita
sing daktresnani
ing Surabaya(1)

Malang, 2 Maret 2019(2)

Assalamualaikum wr. wb

Salam kangen,

Kanthi layang iki aku menehi kabar yen aku lan keluargaku diparingi sehat waras. Muga-muga Lolita lan keluarga ya diparingi sehat kuwat.(3)

Lol, ibu lan bapakku Juni mengko arep sowan menyang eyang ing Rungkut. Aku kepingin ndherek amarga aku kangen karo Lolita. Aku kepingin dolan bareng karo Lolita ing Kenjeran, Muga-muga Lolita ora ana acara yo. Aku kepingin mangan lontong kupang lan tuku iwak asin ing kana. Muga-muga Lolita ora ana acara yo.(4)

Lolita, cukup samene wae yo layang saka aku, nganti mengko ing dina preian.(5)

Wassalamualaikum wr. wb

Saka kancamu(6)

hesty (7)

Hesty (8)

5. Pranyatan sing bener miturut teks layang kasebut yaiku ...

- A. Lolita kangen marang Hesty lan Lolita kepingin menyang Rungkut
- B. Hesty ngajak Lolita menyang Kenjeran wulan Juni yen ora ana acara.
- C. Lolita karo Hesty kanca SD ing Surabaya, Lan Lolita wulan Juni menyang Rungkut.
- D. Eyange Lolita ana ing Rungkut, lan Hesty dijak menyang Kenjeran wulan Juni

6. Gatekna pethikan layang ing ngisor iki :

Ngenani suratmu wis dak tampa wingi sore ibu wis transfer Rp. 175.000 kanggo mbayar kegiatanmu lan kanggo tambahan sangu mulih. Ibu mung pesen mengko yen wis rampung kegiatanmu banjur prei sekolah kowe enggal balia amarga bapak ibu lan kaluarga ing Kediri padha kangen. Lan ati – ati aja sembrana.

Pethikan perangane layang ing dhuwur kalebu perangan :

- A. titi mangsa
- B. adangiyah
- C. paprenah
- D. surasa basa

Kanggo Mbak Ratna
Mbak, tolong engko sayure dipanasi yo.
suwun

7. Layang kasebut tuladhane layang
 - A. Paturan
 - B. Lelayu
 - C. Kitir
 - D. Silaturahmi

Kepala Dinas Pendidikan Kota Murni(7)
Drs. Wahyu Yulianto, M. Pd (8)
NIP. 197007262004011003 (9)
8. Saka perangan teks kasebut, nomer 7 diarani
 - A. titi mangsa
 - B. adangiyah
 - C. Paprenah
 - D. asma terang
9. Tetembungan ing ngisor iki kang kalebu perangan paprenah ing sawijine layang yaiku... .
 - A. kagem bapak/ibu ing dalem
 - B. katur kagem kangmas ing paran
 - C. sembah pangabekti kagem simbah
 - D. ingkang putra tuhu tresna
10. Mas, sesuk aku arep sowan njenengan saperlu arep nyuwun ngampil dhuwit 2 (rong) yuta rupiyah.
Ukara kasebut minangka basane adhik marang mas-e kang nggunakake basa...
 - A. ngoko lugu
 - B. krama lugu
 - C. ngoko alus
 - D. krama alus
11. Aku arep lunga menyang omahe eyang suk wayah preian. Isi saka layang kasebut kurang bener, kudune katulis mawa basa krama alus, yaiku...
 - A. Kula badhe tindak dhateng griyanipun eyang benjing wekdal preian.
 - B. Kula badhe tindak dhateng dalemipun eyang benjing wekdal preian.
 - C. Kula badhe tindak dhateng omahipun eyang benjing wekdal preian.
 - D. Kula badhe kesah dhateng griyanipun eyang benjing wekdal preian.

Gatekna Ukara-ukara ing ngisor iki!

 - (i) Aku sesuk arep dolan menyang daleme simbah.
 - (ii) Kowe sesuk arep dolan menyang endi?
 - (iii) Siti ora mlebu dina iki amarga lara.

- (iv) Adusa saiki mumpung isih esuk!
 (v) Pulisi nyekel wong sing njambret tase embakku.
 (vi) Buku iki arep daksumbangke marang anak yatim.
12. Ukara-ukara ing dhuwur kang kalebu *Ukara Carita* yaiku ukara nomer....
 A. (i) lan (iii)
 B. (iii) lan (v)
 C. (ii) lan (iv)
 D. (i) lan (vi)
13. *Buku iki arep daksumbangake marang anak yatim.*
 Ukara mau kalebu jinise ukara.....
 A. Pakon
 B. Pitakon
 C. Sananta
 D. Carita
14. Manungsa sawise remaja nduweni rasa tresna lan seneng karo lawan jenise.
 Pranyatan kasebut digambarake tembang macapat
 A. Mijil
 B. Kinanthi
 C. Pucung
 D. Asmaradana

Gatekna teks tembang Mijil ing ngisor iki!

Mijil Dedalane guna lawan sekti Kudu andhap asor Wani ngalah luhur wekasane Tumungkula yen didukani Bapang den simpang Ana catur mungkur
--

15. Sing ora kalebu isi kang kinandhut ing tembang Mijil ing dhuwur yaiku...
 A. Manungsa sing pingin pinter lan mukti kudu andhap asor.
 B. Wong sing gelem ngalah pungkasane bakal rugi.
 C. Yen dituturi kudu dirungokna, ora perlu mbantah.
 D. Ngormati marang wong liya.
16. Gatekna teks tembang ing ngisor iki!

Damar ingkang paring tuduh janmi Iki ana jrone Pancasila Ingkono pepak isine Uwis bener ditanggung Tumrap kadang wajib ing ngudi Ngerti lawan isine Lair batinipun Tanpa iki janma rusak Bubrah babreh angel banget den dadosi Donya bakal kiyamat
--

Damar ingkang paring tuduh janmi. Tembung Janmi tegese....

- A. Urip
- B. Kewan
- C. Manungsa
- D. Barang

17. Saka tembang macapat kasebut, pituduh-pituduh kanggo manungsa dumunung ing sajrone....
- A. Buku
 - B. sekolah
 - C. Kalbu
 - D. Pancasila

*Ngelmu iku kalakone kanthi laku
Lekase lawan kas
Tegese kas nyantosani
Setya budya pangekese dur angkara*

18. Tembang kasebut guru gatrane ana
- A. 4
 - B. 5
 - C. 8
 - D. 12
19. Paugeran tembang macapat yaiku ana guru lagu, guru wilangan lan guru gatra. tegese guru wilangan yaiku ...
- A. aksara vokal sing ana paling mburi saben gatra
 - B. cacahé wanda/suku kata saben gatra
 - C. jumlahé wanda ing saben sapada
 - D. cacahé gatra ing saben sapada
20. Supaya gampang nembang sekar macapat dibutuhake cakepan tembang. Cakepan tembang yaiku....
- A. notasi vocal
 - B. syair tembang
 - C. jinising tembang
 - D. metrum tembang

*Mingkar-mingkuring angkara,
Akarana karenan mardi siwi
Sinawung resmining kidung
Sinuba sinukarta
Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung
Kang tumrap neng tanah Jawa,
Agama ageming aji.*

21. Tembang macapat ing dhuwur kalebu jinise tembang macapat...

- A. Dhandhanggula
- B. Megatruh
- C. Kinanthi
- D. Pangkur

22. Guru wilangan lan guru lagune gatra pungkasan tembang macapat ing ndhuwur, yaiku

- A. 8a
- B. 8e
- C. 8u
- D. 8i

Dhanhanggula

Jago wus kluruk rame kapyarsi

Lawa kalong luru pandelikan

Jrih kawanan ing semune

Bang wetan sulakipun

Mrantandhani yen bangun enjing

Rembulan wus gumelang

Aaneg kulon gunung

Ing padeasan wiwit obah

Kadang tani tan samya anambut kardi

Netepi kewajiban

23. Paugeran tembang kasebut yaiku

- A. 10i, 10a, 8i, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a
- B. 10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a
- C. 10a, 8u, 11a, 8u, 7i, 12a, 8u, 8i, 6a
- D. 10i, 10a, 8a, 11i, 8a, 7u, 12u, 8a, 8i

Gatekna tembang pucung ing ngisor iki!

- (i) Bapak pucung dudu watu dudu
- (ii) kaya ula
- (iii) Ancik-ancikmiring
- (iv) Yen lumaku si ngumbar suwara

24. Tembung-tembung sing trep kanggo njangkepi tembang ing dhuwur yaiku....

- A. (i) gunung (ii) gedi (iii) pring (iv) pucung
- B. (i) gunung (ii) dawa (iii) wesi (iv) pucung
- C. (i) geni (ii) gedi (iii) pring (iv) wesi
- D. (i) geni (ii) dawa (iii) wesi (iv) pucung

*Jago wus kluruk rame kapyarsi
lawa kalong luru pandhelikan
Jrih kawatan ing semune bang
wetan sulakipun mratandhani
yen bangun enjing rembulan
wus gumlewang aneng kulon gunung
ing padesan wiwit obah
kadang tani tan samya anambut
kardi netepi kewajiban*

25. Pesan kang bisa dijupuk saka tembang Dhandhanggula ing dhuwur yaiku...
- A. Kita kudu tangi esuk amarga lawa kalong wis golek pandhelikan.
 - B. Kita kudu tangi esuk aja nganti kedhisikan pitik jago lan kalong.
 - C. Kita kudu tangi esuk lan nyambut gawe kanggo netepi kewajiban.
 - D. Kita oleh niru uripe lawa kang adate turu ing wayah awan-awan.

Jika sudah selesai mengerjakan semua soal, jangan lupa ya untuk :

- **Klik "finish"**
- **Ketik nama lengkap dikolom
" enter your full name"**
- **Ketik nama kelas kalian di kolom
" group/level"**
- **Ketik 'PTS BD GENAP' Pada kolom school subject**
- **Klik send**